



Fanm nan **ESÈ KLINIK**

Fè Yon Diferans Pou Tèt ou ak Fanm Tankou w.



Esè klinik yo se etid rechèch ki ede montre si yon tès oswa tretman mache ak si li san danje. Gen plizyè fason ou kapab patisipe nan yon esè klinik. Kèk esè poze ou kesyon sou tretman ou te deja pran. Nan lòt esè, ou pran yon nouvo medikaman. Kèk esè klinik itilize moun ki an sante. Lòt yo itilize moun ki gen yon pwoblèm sante an patikilye.

Mande pwofesyonèl swen sante ou si yon esè klinik bon pou ou.

Èske Gen Fanm Nan Esè Klinik?

Wi. Fanm yo deja ap patisipe nan esè klinik yo. Men, fanm ki soti diferan kote toujou bezwen patisipe. Fanm tout laj, ras ak gwoup etnik, ak fanm ki gen andikap oswa kondisyon maladi kwonik dwe konsidere patisipe nan yon esè klinik.

Pou w ka ede, konsidere patisipe nan yon esè ou menm. Ou kapab fè yon diferans lè ou ede doktè yo aprann plis sou sante fanm.

Poukisa Fanm yo Sipoze Patisipe?

Pwodwi medikal yo kapab afekte gason ak fanm yon fason diferan. Li enpòtan pou fanm yo patisipe paske pafwa yo gen diferan efè segondè. Kò yon fanm kapab afekte fason medikaman ak aparèy medikal yo mache sou li.

Biwo Sante Fanm FDA (FDA Office of Women's Health)

www.fda.gov/womeninclinicaltrials

15 Bagay Ou Sipoze Konnen Avan Ou Patisipe Nan Yon Esè Klinik

Se si ou vle w ap bezwen patisipe nan yon esè klinik. Yo pa sipoze ba ou presyon pou ou patisipe. Ou gen dwa kite lè ou vle. Gen règ pou pwoteje moun ki nan esè klinik.

Yon konsantman enfòmè se pwosesis kote ou aprann bagay enpòtan sou esè klinik la avan ou patisipe. Lis sa a pa gen tou sa ou bezwen konnen, mwen l ap ede ou demare konvèsasyon an. Asire w yo reponn tout kesyon ou yo avan ou dakò pou patisipe. Chèche konnen:

Objektif la ak sa ki Pral Pase

1. Objektif etid la
2. Medikaman, tès, ak tretman ou kapab resevwa yo
3. Konbyen tan etid la pral dire ak konbyen fwa ou bezwen vini
4. Kijan yo pral kenbe enfòmasyon ou prive
5. Sa ki pral pase lè etid la fini

Avantaj ak Risk Posib

Esè a kapab bay tretman oswa depistaj, men pa gen okenn garanti sante ou pral miyò. Medikaman, tès, oswa tretman yo gendwa pa mache pou ou.

6. Avantaj tretman an
7. Risk ak efè segondè tretman yo

8. Nenpòt tretman oswa lòt opsyon pou moun ak maladi ou a
9. Si ou kapab pran lòt medikaman ou yo

Nenpòt Lòt Sipò ou Depans Posib

10. Pou ki tretman oswa sèvis etid la pral peye
11. Si etid la ofri gadri oswa transpò
12. Bagay ou kapab oblije peye pou yo
13. Sa asirans ou ap peye pou li

Jan Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

14. Kiyès ou pou ou kontakte si ou gen kesyon oswa pwoblèm
15. Kijan ou pral jwenn rezilta yo

Kisa wòl FDA ye?

U.S. Food and Drug Administration (Administrasyon Ameriken pou Kontwòl Manje ak Medikaman, FDA) asire li tretman medikal yo pa gen danje epi yo bon pou moun itilize. FDA pa devlope nouvo tretman oswa fè esè klinik.

Biwo Sante Fanm FDA a ak potekole ak NIH Office of Research on Women's Health (Biwo NIH Pou Rechèch Sou Sante Fanm) nan yon inisyatif pou ankouraje diferan fanm patisipe nan esè klinik. Pou aprann plis sou aktivite sa yo, ale sou:

www.fda.gov/womeninclinicaltrials

